

Kòm yon pasaje nan yon taksi, ou gen dwa:

- Pou yo pa refize ou sèvis poutèt ras, orijin etnik, orijin kiltirèl, andikap, sèks, oswa oryantasyon seksyèl ou;
- Pou vwayaje ak yon bèt sèvis;
- Pou yo kondwi ou nan nenpòt destinasyon nan Vil New York, Westchester, Nassau oswa Ayewopò Newark;
- Pou se yon chofè ki gen lisans TLC epi lisans li afiche anndan machin nan ki kondwi ou;
- Pou jwenn yon taksi ki pwòp ak san danje ak senti sekirite ki mache pou tout pasaje;
- Pou pran wout ki pi dirèk pou ale nan destinasyon ou oswa swiv wout ou chwazi a;
- Pou mande chofè a pou regle chofaj, klimatizè ak radyo a;
- Pou itilize liy E-ZPass yo epi peye peyaj E-ZPass yo;
- Pou peye ak lajan kach, kat kredi oswa kat debi;
- Pou deside si ou vle bay poubwa ou pa ak konbyen poubwa pou w bay chofè ou;
- Pou pa peye plis pou malèt oswa pou ede ou chaje zafè ou nan machin nan;
- Pou gen yon chofè ki kondwi byen epi li trete ou ak koutwazi epi ki respekte tou lwa sikilasyon yo;
- Pou jwenn yon chofè ki pa itilize yon telefòn selilè (swa ak men oswa san men) pandan l ap kondwi;
- Pou jwenn yon chofè ki konnen wout vil la;
- Pou fè nan machin nan ki pwòp, san sant lafimen oswa lòt sant;
- Pou pase vwayaj kalm san klaksonn k ap klaksonnen.